**दिन–मंगलवार** **दिनांक–26.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे भारत आब वैश्विक स्तर पर मेक फॉर द वर्ल्डक लक्ष्य दिस तेजी सँ बढ़ि रहल अछि। श्री मोदी अहमदाबादक हंसलपुर में मेड इन इंडिया बैटरी चालित इलेक्ट्रिक वाहन ई–विटारा के झंडी देखबैत कहलनि जे आब दुनियाक दर्जनों देश में मेक इन इंडिया लिखल इलेक्ट्रिक वाहन चलत। प्रधानमंत्री कहलनि जे भारत में बनल इलेक्ट्रिक वाहन सय सँ बेसी देश में निर्यात कयल जायत। श्री मोदी हाइब्रिड बैटरी इलेक्ट्रोड निर्माण संयंत्रक उद्‌घाटन सेहो कयलनि।

---

राज्य में नव औद्योगिक निवेश प्रोत्साहन पैकेज दो हजार पच्चीस लागू कऽ देल गेल अछि। एकर अंतर्गत नव उद्यम स्थापित करयवला उद्योगपति आ निवेशक के भूमि संबंधी रियायत, ऋण में छूट आ आनो सहायता भेटत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षकता मे आइ भेल मंत्रिमंडलक बैसार मे एहि संबंध मे प्रस्ताव के मंजूरी देल गेल। कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे कैबिनेट मुख्यमंत्री दिव्यांगजन उद्यमी योजना शुरू करबाक मंजूरी सेहो देलक अछि। संगहि, किसान सलाहाकार लोकनिक मानदेय बढ़ा कऽ एक्कैस हजार टाका कऽ देल गेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सोशल मीडिया पोस्टक माध्यम सँ एहि पैघ निर्णय पर प्रशंसा व्यक्त करैत कहलनि जे एहि पैकेज सँ राज्य मे उद्योग के विकास में सहायता भेटत।

---

केन्द्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान कहलनि अछि जे विद्यार्थी लोकनि के नोकरी प्राप्त करय सँ बेसी नोकरी प्रदाता बनबाक प्रयास करबाक चाही। ओ आइ आईआईटी पटनाक बारहम दीक्षांत समारोह मे सात सय एकतालीस विद्यार्थी के मेडल आ उपाधि प्रदान कयलनि।

कार्यक्रम मे केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह आ नित्यानंद राय समेत कतेको गणमान्य लोक उपसिथित छलाह।

———————————————————————————

चुनाव आयोग ताजा बुलेटिन जारी कऽ कहलक अछि जे राज्य मे चलि रहल विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक अंतर्गत भाकपा—मालेक अतिरिक्त कोनो राजनीतिक दल एकहुं दावा—आपत्ति दर्ज नहि करौलक अछि। भाकपा—मालेक दिस सँ दस दावा आ आपत्ति दर्ज कराओल गेल अछि। मुख्य निर्वाचन अधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल जनौलनि जे प्रारूप प्रकाशनक बाद एखन धरि एक लाख बासठि हजार चारि सय तिरेपन निर्वाचक सँ सीधा दावा—आपत्तिक आवेदन प्राप्त भेल अछि। एहि मे सँ सत्रह हजार पाँच सय सोलहक निष्पादन कऽ देल गेल अछि। दावा आपत्ति लेल अंतिम तिथि एक सितम्बर निर्धारित अछि। अंतिम मतदाता सूचीक प्रकाशन तीस सितम्बर के कयल जायत।

———————————————————————————

महागठबंधनक दल सभक दिस सँ भोटर अधिकार यात्रा आइ सुपौल मे भेल। लोकसभा में नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधीक नेतृत्व मे निकालल जा रहल एहि यात्रा मे आइ कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ सांसद प्रियंका गांधी सेहो सम्मिलित भेलीह। प्रियंका गांधी सुपौल मे महिला लोकनि संग संवाद सेहो कयलीह। राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव तेलंगानाक मुख्यमंत्री रेवंत रेड्डी भाकपा—मालेक महासचिव दीपांकर भट्टाचार्य, वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी समेत महागठबंधनक कतेको नेता एहि यात्रा मे भाग लऽ रहल छथि।

———————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे महागठबंधनक नेता लोकनि भोटर अधिकार यात्राक नाम पर भोट जुगाड़ यात्रा कऽ रहल छथि। श्री सिन्हा पटना मे संवाददाता लोकनि के जनौलनि जे यात्रा मे प्रियंका गांधी अथवा कोनो नेता बिहारक जनता के गुमराह नहि कऽ पाओत।

———————————————————————————

मिथिलाक प्रसिद्ध पाबनि चौरचन आइ मनाओल जा रहल अछि। व्रती लोकनि फल–फूल आ दहीक मटकूरी सहित आनो सामग्री लऽकऽ हाथ उठा चन्द्रदेव के समर्पित कऽ रहल छथि। एहि संग गणेश पूजनक सेहो परम्परा अछि। आइए दिन मे तृतीया तिथि रहबाक कारणे प्रदेशक कतेको भाग मे महिला लोकनि अपन सुहागक रक्षा लेल तीज सेहो कऽ रहल छथि।

———————————————————————————

स्वतंत्रता सेनानी एक्सप्रेस ट्रेनक ठहराव आब लहेरियासराय स्टेशन पर शुरू भऽ गेल। दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर लहेरियासराय स्टेशन पर एहि ट्रेन के झंडी देखौलनि।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक कल्याणपुर में चलि रहल विकसित भारत का अमृतकाल सेवा सुशासन आ गरीब कल्याणक एगारह सालक दोसर दिनक कार्यक्रम मे आइ फोटो प्रदर्शनी आ सांस्कृति कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। ई कार्यक्रम सूचना आ प्रसारण मंत्रालयक केन्द्रीय संचार ब्यूरो द्वारा आयोजित कयल जा रहल अछि। दोसर दिस बिहार बाल अधिकार संरक्षण आयोगक सदस्य डॉक्टर सुग्रीस दास आइ समस्तीपुर में आयोजित एक कार्यक्रम मे अभिभावक लोकनि सँ बच्चा सभ के मोबाइल सँ दूर रखबाक अपील कयलनि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।